



Misyon Nasyon Zini pou
Estabilizasyon an Ayiti



Biwo Nasyon Zini Pou
Dwa Moun en Ayiti

Rapò sou dwa moun an Ayiti ant Jiyè ak Desanm 2012

(Rezime egzekitif ak rekòmandasyon)



Mwa Avril 2013

REZIME

Rapò sa analize evènman ki pi enpòtan sou sitiyasyon dwa moun an Ayiti soti mwa jiyè rive desanm 2012. Yon lòt rapò ki te pibliye nan mwa oktòb te deja kouvri peryòd janvyè rive jen 2012. Pou dènye sis (6) mwa nan lane 2012 la, te gen kèk bagay pozitif nan zafè pwoteksyon dwa moun, konsa tou, gen anpil feblès nan swivi ak reyalizasyon pwogrè ki te fèt pandan premye pati nan ane a.

Pami devlopman ki pi enpòtan yo nou ka pale sou piblikasyon, nan dat 20 jiyè, Lwa sou òganizasyon ak fonksyonman Biwo pou Proteksyon Sitwayen (OPC). Lwa sa a asire endepandans enstitisyon kle sa a, sou keksyon pwoteksyon dwa moun. Lwa sa pale tou sou mak fabrik ak wòl enstitisyon sa a.

Nan dat 30 Novanm, gouvènman ayisyen an te soumèt premye rapò li bay Komite dwa moun, apre 21 lane depi li yod ako ak konvansyon entènasyonal sou dwa sivil ak politik (PIDCP, an franse) la. Sa se yon ti jefò nan volonte leta ayisyen pou respekte angajman yo devan biwo Nasyon zini kap siveye respè dwa moun yo. Sa montre ke otorite yo respekte angajman yo te pran pou amelyore pwoteksyon ak pwomosyon dwa moun an Ayiti, tankou sak konsène ratifikasyon enstriman entènasyonal yo ki gen rapò ak dwa moun, epi obligasyon nan remèt rapò nan tan sa mande, bay ògan trete sou dwa moun.

Nou dwe raple tou angajman fòmèl Gouvènman an pou ratifye sis (6) konvansyon entènasyonal sou dwa moun. Vreman vre, nan dat 24 septanm, Premye Minis Laurent Lamothe pran angajman, nan okazyon soisant setiem asanble jeneral Nasyon Zini, pou gouvènman ayisyen an ratifye Konvansyon kont tòti ak lòt pèn oswa tretman kriyèl, oswa avilisan, Konvansyon entènasyonal pou pwoteksyon tout moun kont disparition fòse ; Konvansyon entènasyonal sou pwoteksyon dwa pou tout travayè migran (moun vini) ak manm fanmi yo, Konvansyon Rome nan ki etabli Lakou penal entènasyonal ; Konvansyon 1954 la ki gen rapò ak moun ki pa gen peyi (Apatrid) ; epi konvansyon 1961 an sou rediksyon ka moun san peyi yo.

Malgre tout jefò sa yo, Seksyon Dwa Moun MINISTA(SDH) / Biwo Nasyon Zini pou dwa moun an Ayiti (Haut-Commissariat des Droits de l'Homme en Haïti) nan oblije siyale nan rapò sa, pa gen pwogrè ki fèt nan yon kèk domèn enpòtan : tankou Konsèy Elektoral Pèmanan (KEP) ak Konsèy Konstitisyonèl la poko mete sou pye ; Malgre Konsèy Siperyè Pouvwa Jidisyè a kreye, li poko fin pran kap li ; Oganizasyon eleksyon pou majistra ak senatè yo pa fèt depi 2011 akoz enkapasite pou fòme KEP a.

Nominasyon Ajan Egzekitif Eterimè (AEI) yo nan plas eli lokal yo te kontinye. Pwolongasyon tout tan manda majistra ak kazèk yo, te montre koman bagay sa anpeche pouvwa lokal yo fonksyone epi tou li tounen yon danje pou demokrasi a. Nan menm sans sa, pouvwa egzekitif la nonmen oswa transfere anpil jij, desizyon sa yo kapab sanble yon mwayen pou antrave endepandans sistèm jidisyè a.

Pandan dezyèm mwatye ane 2012 la, Seksyon Dwa Moun (SDH) te travay sou plizyè ka kote ajan Polis Nasyonal Dayiti (PNH) yo ta itilize anpil fòs lè yap fè operasyon degèpisman fose

(sou moun ki nan kan yo), represyon kont mouvman pwotestasyon ak lòt operasyon kont zak kriminèl yo, menm jan nan kad lòt zak moun pa konnen. SDH la te travay tou sou akizasyon move tretman ajan PNH yo.

Nan mwa me 2012, Seksyon Dwa Moun te voye bay Enspeksyon Jeneral Polis Nasyonal Dayiti (IGPNH) 47 akizasyon vyolasyon ajan PNH yo ta komèt. Sou 47 ka yo te soumèt, SDH te resevwa repons nan men IGPNH la pou 10 ka sèlman.

SDH te travay tou sou plizyè ka kote otorite jidisyè ak administratif yo sèvi ak fòs sekirite prive epi moun an sivil gen zam. Gwoup sa yo, nan kèk okazyon, te fè travay ki rezève sèlman pou lapolis. Kèk figi politik lokal te itilize « brigad sivil » sou pretèks pou asire sekirite yo. Itilizasyon gwoup sa yo fè pè pou òganizasyon eleksyon kap vini yo.

Zafè jistis popilè a (fenomèn lenchaj la) rete yon gwo tèt chaje. Polis Nasyon Zini MINISTA te anrejistre senkant sis (56) ka nan dezyèm mwatye lane 2012 la. Repons otorite yo pou anpeche epi pini zak sa yo manke bay rezilta. Menm jan tou, la jistis manke travay kont zak vyolans sou fanm an Ayiti. Yo pa pote repons sou rekòmandasyon rapò SDH te pibliye nan mwa Jen 2012 sou pwoblèm sa.

Lakou Dapèl te gen pou deside nan dat 13 desanm sou yon apèl kont desizyon jij entriksyon Jean Carvès nan kad pwosè pou jije ansyen prezidan Jean-Claude Duvalier. Men, viktim yo te mande Lakou Dapèl pou voye seyans la nan dat 24 janvye 2013 la.

SDH an pa konstate okenn amelyorasyon, nan nivo nasyonal, sou sitiyasyon moun ki nan gad ak prizon yo. SDH te kontinye travay sou anpil ka moun ki nan gad ki depase kantite tan 48 tè la lwa bay la, epi idantifye anpil kote yo kenbe moun nan prizon san yo pa jije, malgre gen plis jijman nan asiz kriminèl al koreksyonèl. Genyen tou anpil ka moun ki rete nan prizon apre pèn yo fini. Sou zafè moun nan prizon yo, SDH gen gwo tèt chaje nan sa ki gen pou wè nan jwenn manje ak swen lasante, move kondisyon ijyèn yo, ak moun pil sou pil nan prizon. Sitiyasyon timoun ak fanm, sitou fanm ansent, pi konplike toujou.

Dezyèm mwatye ane a, te gen gwo dezaz natirèl, ki te afekte ankò sitiyasyon imanite e boulvèse peyi a. Tout sa kite pase yo montre a klè fragilite peyi a fas ak dezaz sa yo, difikilte otorite pwoteksyon yo ki la pou pote repons, tankou Direksyon Pwoteksyon Sivil (DPC). Apre pasaj ouragan Sandy nan dat 31 oktòb la, gouvènman ayisyen an te deklare « Etat d'urgence » nan tout peyi a, sa ki te pèmèt restriksyon sou libète endividyèl yo epi ki te bay gouvènman plis pouvwa toujou. Gouvènman dwe fè rapò bay Palman an sou tout aktivite li te mennen pandan peryòd eta ijans la, ki te kòmanse 1 novanm pou yon peryòd yon mwa epi ki te pwolonje pou yon lòt mwa, jiska 5 Desanm.

Na zafè ekonomik ak sosyal, peryòd sa a te make ak manifestasyon nan tout peyi a, pou te leve kanpe kont lavi chè, distribisyon kouran, mank enfrastruktir, dwa pou moun jwenn yon bon jan kote pou yo rete, kolera ki toujou la ak ensekirite. Rapò a peze sou enpòtans ki genyen pou konsilte epi konsidere opinyon sosyete sivil la nan zafè politik piblik.

REKOMANDASYON

Pou Leta ayisyen:

1. Pran tout mezi legal, administratif ak finansye pou mete sou pye yon biwo leta ki gen pou prepare tout rapò nasyonal yo bay biwo entènasyonal yo k ap okipe zafè konvansyon yo epi fè swivi sou aplikasyon rekòmandasyon ki fèt apwe Egzamen Peryodik Inivèsèl la.

2. Bay tout rapò gouvènman an dwe bay biwo Nasyon Zini ki okipe zafè konvansyon yo epi asire egzekisyon yo, tankou :

- Rapò peryodik pou Komite pou eliminasyon diskriminasyon rasyal, ki te dwe remèt depi ane2000;
- Rapò peryodik pou Komite sou Dwa Timoun, ki te dwe remèt depi ane 2007;
- Premye Rapò pou Komite sou Dwa Moun Andikape, ki te dwe remèt depi 2011.

3. Ratifye konvansyon sa yo, tankou jan Premye Minis la te anonse nan gwo reyinyon kite te fèt sou Eta de Dwa nan lakou New York, nan mwa septanm 2012 la:

- Konvansyon kont tòti ak lòt pèn oswa tretman kriyèl, inimen oswa avilisan
- Konvansyon entènasyonal sou pwoteksyon tout moun kont disparition fòse yo
- Konvansyon entènasyonal sou pwoteksyon pou dwa tout travayè migran ak Manm fanmi yo;
- Eitati Wòm nan ki etabli Lakou penal entènasyonal;
- Konvansyon 1954 ki gen rapò ak moun apatrid (moun ki pagen nasyonalite) epitou Konvansyon 1961 sou rediksyon ka apatridi (moun ki pagen nasyonalite).

4. Pibliye lwa ki te adopte nan Palman an, ki ratifye konvansyon entènasyonal sou dwa ekonomik ak sosyal yo, epi depoze dokiman ratifikasyon an nan Nasyon Zini pou l kapab aplike anAyiti.

5. Finalize prese prese travay refòm Kòd Penal ak Kòd enstriksyon kriminèl la.

6. Fè jefò pou pibliye tout lwa Palman an adopte ki déjà pibliye nan jounal ofisyèl « Le Moniteur », pou pèp ayisyen an kapab enfòme sou dwa ak devwa l yo. Pi espesyalman, lwa ki ratifye Konvansyon entènasyonal sou dwa ekonomik, sosyal ak kiltirèl yo (adopte nan Palman an jou ki te 31 janvyè 2012), lwa sou patènite ak filyasyon (kite vote nan Sena a jou kite 12 avril 2012) epi dekrè sou Eta ijans la (adopte 30 oktòb 2012) dwe pibliye nan jounal ofisyèl la.

7. Ede kominote entènasyonal la kontinye ak aktivite ki bay OPC plis jarèt, tankou mete sou pye biwo nan pwovens yo, epi fasilite bon jan koperasyon avèk sosyete sivil la.

8. Bay lajan pou fè fonksyone Minis delege ki la pou dwa moun, epi batay kont lamizè.

9. Avèk sipò kominote entènasyonal la, UCLBP ta dwe fè, epi mete sou pye bon jan mwayen, ki gen ladan l yon politik kay pou moun rete, ki ka reponn ak bezwen moun yo kap viv nan kan, evite degèpisman fòse epi devlope yon vizyon pou yon devlopman vil yo nan respè dwa moun.

10. Palman an ta dwe adopte yon kad legal an akò avèk pwotokòl adisyonel nan Konvansyon Nasyon Zini kont Kriminalite transnasyonal òganize a (krim kap fèt ant 2 oswa plizyè peyi) pou anpeche, konbat epi pini trafik moun, espesyalman fanm ak timoun. Li ratifye depi nan lane 2011.

11. Bay Palman an bon jan eksplikasyon, sou itilizasyon lajan nan kad Eta ijans la.

12. Mande otorite eli yo ak fonksyonè Leta pou pa itilize fòs sekirite paralèl, tankou sivil ak zam kip a gen otorizasyon pou sa.

Pou ògan ki la pou fè swivi bon fonksyonman pou enstitisyon jidisyè ak lapolis:

1. IGPNH la dwe toujou ouvè investigasyon lè ajan lapolis (PNH) yo sèvi ak fòs ki lakòz lanmò oswa blesi ki grav. Li dwe tou bay repons sou 47 ka SDH te soumèt nan mwa me 2012.

2. Konsèy Siperyè Pouvwa Jidisyè (CSPJ) an dwe jwe wòl li kòm biwo disiplin ak kontwòl sistèm jidisyè a. Li dwe asirel ke jij yo fè travay yo an tout endepandans epi founi yon bon jan travay.

3. Akademi Polis la ak lekòl Majistrati a, avèk sipò kominote entènasyonal la, ta dwe amelyore fòmasyon ajan PNH ak majistra yo sou zafè tretman vyolans seksyèl yo, tankou nan evite antant nan ka vyòl, epi fè konsyantizasyon sou dwa fanm yo.

4. Ministè Enteryè, Ministè Jistis la ak Konsèy Siperyè Pouvwa Jidisyè a ta dwe adopte yon direktiv ki konsene espesyalman ajan PNH ak jij yo sou zafè absans sètifika medikal la nan ka vyolans seksyèl ki pa ta dwe anpeche lajistis kontinye ak pwosesis yo.

5. Minis Jistis la ta dwe devlope yon estrateji nasyonal klè pou goumen kont detansyon prevantiv pwolonje, ki asire avèk prensip entènasyonal sou detansyon.

6. Nan absans tribinal pou timoun nan plizyè zòn nan peyi a, dwayen tribinal yo ta dwe nonmen jij pou timoun pi vit ke posib.

7. Otorite polis yo ak responsab prizon an dwe veye pou timoun yo toujou separe ak granmoun.

8. Ministè Enteryè, Minis Jistis la ak Konsèy Siperyè Pouvwa Jidisyè (CSPJ) a ta dwe voye lòd ki klè, bay ajan lapolis (PNH) ak jij yo, pou mezi ki nesèsè yo pran pou anpeche epi pini tou zak lenchaj.

Pou òganizasyon nan sosyete sivil la:

1. Enplike anpil nan pwosesis pou fè swivi egzekisyon konvansyon sou dwa moun ki ratifye an Ayiti, tankou nan ekri rapò altènatif bay biwo kap veye respè konvansyon yo epi òganize chita pale pandan egzamen rapò nasyonal yo devan biwo sa yo.
2. Pran yon wòl pi aktif nan bay dizon nou sou politik piblik yo, nan kore preparasyon ak prezantasyon moun ki nan zòn yo, lè yap fè kaye dechaj sou bezwen ki gen priyorite devan biwo Leta ki enpòtan.